



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM 1.5 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU 39 PWOJÈ NAN KOMINOTE BASEN VÈSAN ANBOUCHI RIVYÈ HUDSON

Sibvansyon yo pral pwoteje kominote yo kont inondasyon alavni, amelyore aksè nan rivyè ak edikasyon, ak ankouraje jerans anviwònmantal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim ki bay total ki depase 1.5 milyon dola pou 39 pwojè ki pral ede kominote sou tout Anbouchi Rivyè Hudson amelyore aksè a lwazi, ranfòse edikasyon anviwònmantal ak fè pwogrese jerans resous natirèl yo.

"Eta New York angaje pou li envesti nan pwojè yo ki pral ogmante rezilyans kominote ak pwoteje reosous natirèl yo nan Vale Rivyè Hudson ak atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "39 sibvansyon ki te anonse jodi a, sa ki bay total ki depase 1.5 milyon dola nan prim, pral bay plizyè douzèn kominote basen vèsan Rivyè Hudson sipò yo bezwen pou amelyore lwazi ak aksè nan rivyè pandan y ap travay pou prezève ak pwoteje Anbouchi a pou jenerasyon alavni yo".

Se Fon Pwoteksyon Anviwònman Eta a ki finanse sibvansyon yo epi Pwogram Anbouchi Rivyè Hudson nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la administre yo.

"Gras ak sipò Gouvènè Hochul, 1.5 milyon dola nan sibvansyon te anonse jodi a pral ede kominote nan Vale Rivyè Hudson yo pou devlope plan ak fè avanse zouti pou vin pi rezilyan ak inondasyon ak lòt enpak klimatik pandan sa ap elaji opòtinite lwazi pou moun ki gen tout kalite andikap", **Komisè DEC a Basil Seggos te deklare.** "Prim sibvansyon sa yo apiye efò konsèvasyon lokal yo ak priyorite pou amelyore yon fason dirab ak pwoteje resous natirèl nou yo".

Benefisyè sibvansyon ki endike selon rejyon se:

PLIZYÈ REJYON

- **Riverkeeper - 50,000 dola:** Evalyasyon Vilnerabilite Klimatik nan Kò Dlo. Riverkeeper pral fini yon evalyasyon vilnerabilite sou echèl rejyonal global pou pi byen defini vilnerabilite ki gen rapò ak klima pou kò dlo yo nan limit minisipal yo.
- **Consensus Building Institute - 49,990 dola:** Rezo Rezilyans ak Inondasyon nan Rivyè Hudson: Devlope yon Fèy Wout Estratejik pou Operasyon Dirab pral

livre yon plan estratejik pou Rezo Rezilyans ak Inondasyon nan Rivyè Hudson, ansanm avèk dokiman oryantasyon rejyonal sou inondasyon.

- **Pratt Institute - 43,916 dola:** Pwojè Aksè nan Anbouchi: Baz Done Envantè ak Kat Entèaktif. Pratt Institute pral devlope yon pasrèl inik pou enfòmasyon konplè, ajou pou ankouraje Nouyòkè yo jwenn aksè ak pwofite Rivyè Hudson.

REJYON KAPITAL

Konte Albany

- **Vil New Scotland - 50,000 dola:** Pwojè Envantè Resous Natirèl Vil New Scotland ak Plan Espas Ouvè a pral fè envantè, katografye ak dekri resous natirèl yo nan vil la pou kreye plan espas ouvè nan tout vil la.
- **Radix Ecological Sustainability Center - 40,000 dola:** Remedyasyon Renouvlab pou Rejenerasyon Rivyè - Syans Kominotè, Ekite ak Edikasyon Eko-Jistis nan Hudson. Radix Ecological Sustainability Center pral konstwi yon anbakasyon ki sèvi ak enèji solè pou edikasyon sou Rivyè Hudson nan antouraj pwoksimite sid Albany pou ede jèn anplwaye nan Radix yo ak rezidan yo aprann sou zòn akwatik yo ki souvan itilize ak preyokipan.

Konte Columbia

- **Columbia Land Conservancy - 37,655 dola:** Rechèch nan Lanati Vin Vityèl! Columbia Land Conservancy pral kreye eksperyans vityèl ak baze sou lokal pou mete aksan sou Anbouchi Rivyè Hudson ak basen vèsan. Pwojè a pral gen ladan 10 vizit vityèl nan aplikasyon TravelStorys, enstalasyon travay atistik ki gen tèm basen vèsan sou "Aksè pou Tout Santye" a ak renovasyon yon ansyen kyòsk ki bay sou rivyè nan Zòn Konsèvasyon Greenport la.

Konte Greene

- **Vilaj Catskill - 50,000 dola:** Pwojè Amelyorasyon Aksè ak Ranp Lansman Bato nan Pak Aterisaj Dutchman. Vilaj la pral repare ak amelyore aksè ak lansman bato ki egziste nan Pak Aterisaj Dutchman pou rann ranp bato ak waf yo pi sekirite ak pi aksesib epi pwoteje kont ewozyon ak inondasyon.
- **Vil Rensselaer - 50,000 dola:** Espas Ouvè ak Plan Lwazi pral devlope pou kreye yon kominote ki pi rezilyan ak dirab.
- **Trout Unlimited - 49,838 dola:** Plan Jesyon Travès Kouran Dlo Vil Stephentown lan pral sèvi kòm yon gid pou ranplasman ponso alavni, rekonekte abita akwatik bon kalite ak amelyore rezistans kominote a ak inondasyon epi pwoteje enfrastrikti wout la.
- **Rensselaer Land Trust, Inc. - 27,975 dola:** Rekòlt apati Rivyè Hudson: Teknik Lapèch Tradisyonèl ak Lapèch Dirab pou Lavni. Rensselaer Land Trust pral kreye nouvo plan leson ki gen ladan eleman metòd lapèch tradisyonèl, abita lapèch ak efò restorasyon espès sou Rivyè Hudson.

- **Media Alliance, Inc. - 40,000 dola:** Laboratwa Enfòmatrik Lanati: Yon Kanal Vityèl apati Anbouchi a rive nan Salklas la. Media Alliance, Inc., pral achte òdinatè pou nouvo Sant Edikasyon Anviwònmantral Iben Laboratwa LANATI a (NATURE Lab Urban Environmental Education Center) ki sitiye nan Troy santral. Ekipman enfòmatrik yo pral elaji pòte travay la nan laboratwa a, sipòte edikasyon ak rechèch konsènan anbochi a ak konekte òganizasyon jèn ak anviwònmantral yo sou Hudson.

MID-HUDSON VALLEY

Konte Dutchess

- **Vil Milan - 44,010 dola:** Kreyasyon Envantè Resous Natirèl. Vil la pral travay avèk Hudsonia pou kreye yon Envantè Resous Natirèl (Natural Resources Inventory, NRI) ki fèt pou itilize pa Konsèy Planifikasyon Milan ak lòt konsèy ak komisyon minisipal ki angaje nan planifikasyon amenajman teritwa, kreye règleman ak fè revizyon sou anviwònman.
- **Vil Poughkeepsie - 50,000 dola:** Etid sou Inondasyon nan New Hamburg. Vil la pral mennen yon etid sou inondasyon nan New Hamburg, ki twouve li nan plèn inondab 100 ane sou Rivyè Hudson. Pwojè a pral gen ladan yon analiz plèn inondab, ankèt sou teren ak travay sou konsepsyon solisyon posib pou redui inondasyon.
- **Depatman Planifikasyon ak Devlopman Konte Dutchess - 49,496 dola:** Mizajou Envantè Resous Natirèl Konte Dutchess la pral pi byen dekri eta aktyèl resous natirèl konte a ak menas potansyèl yo.
- **Hudson River Sloop Clearwater Inc. - 40,000 dola:** Kle Pwason Clearwater 2.0. Hudson River Sloop Clearwater pral amelyore zouti Kle Pwason sou wèb la ki egziste nan ajoute nouvo resous videyo ki gen rapò ak pwason nan Rivyè Hudson ak lòt sitwèb yo pou kreye yon pòtay pou yon seri resous edikatif sou rivyè.
- **Pisin Natirèl nan Beacon - 12,500 dola:** Edikasyon Imèsyon - Konstriksyon Jerans atravè Natasyon, Aksè ak Etid Ekoloji Rivyè. Pisin Natirèl nan Beacon lan pral amelyore estrikti pisin flivyal la, sa gen ladan amelyorasyon nan chèz pisin, pasrèl ak pwèn antre ak nouvo siyalizasyon.

Konte Greene, Sullivan, ak Ulster

- **Alyans Basen Vèsan Rivyè Hudson - 39,183 dola:** Pwogram Fòmasyon Alyans Lidèchip sou Amenajman Teritwa Rondout ak Esopus Creek, nan patenarya avèk Land Use Law Center nan Pace University, pral aplike yon pwogram fòmasyon Alyans Lidèchip sou Amenajman Teritwa nan kominote pou basen vèsan Rondout ak Esopus Creek pou ankouraje devlopman kominote dirab.

Konte Orange

- **Vilaj Highland Falls - 12,000 dola:** Envantè ak Evalyasyon Resous Natirèl Pak Bò Dlo Highland Falls la pral ede prepare yon plan direktè pou teren yo ke Scenic Hudson posede pou devlopman alavni pou itilizasyon piblik, edikasyon ak konsèvasyon resous natirèl li.

Konte Putnam

- **Vil Kent - 49,000 dola:** Pwojè Envantè Resous Natirèl Kent lan pral reyalize yon Envantè Resous Natirèl ak prepare yon envantè byodivèsite. Envantè a pral bay enfòmasyon sou gam espès nan rejyon an pou referans alavni ak etid syantifik.

Konte Rockland

- **Vilaj Piermont - 15,000 dola:** Devlopman yon Plan Global pou Piermont: Planifikasyon pou Rezilyans. Vilaj Piermont pral prepare yon Plan Global avèk atansyon sou rezilyans ak dirabilite. Plan an pral idantifye estrateji ki adapte pou klima ak règleman pou diminye vilnerabilite ak bay direktiv pou ankouraje dirabilite ekonomik ak kiltirèl.
- **The Trustess of Columbia University in the City of New York - 39,088 dola:** Edikasyon sou Rivyè Hudson: Yon Vwa pou Inite. Edikatè yo nan Columbia Lamont-Doherty pral amelyore pwogram Pwochen Jenerasyon Edikatè Rivyè Hudson yo ki fonksyone avèk estajyè lekòl segondè ki pa byen reprezante. Elèv sa yo, ki resevwa alokasyon, ap entèwoje yon bann kalite rezidan nan kominote a sou eksperyans yo pandan y ap grandi ak viv bò mare Hudson ak devlope istwa pou pataje atravè videyo ak evènman sansibilizasyon.

Konte Ulster

- **Vil Kingston - 50,000 dola:** Plan Prezèvasyon Kominote a apati plan ki egziste ak envantè resous natirèl ak istorik yo, ansanm ak lòt sous done GIS (Sistèm Enfòmasyon Jewografik).
- **Konte Ulster - 46,554 dola:** Envantè Resous Natirèl Konte Ulster ak Pòtay Katografi nan Nyaj. Konte Ulster pral devlope yon envantè resous natirèl nan tout konte a ak entegre li nan pòtay katografi nan nyaj ak yon zouti minisipal ki akonpaye.
- **Arm of the Sea Productions Inc. - 31,639 dola:** Ovan Pwogram (Program Awning) nan Arm-of-the-Sea Tidewater Center. Pwojè sa a pral konsevwa, pèmèt, achte ak enstale yon gwo estrikti ovan pou pwogram Rivyè Hudson yo nan Arm-of-the-Sea Tidewater Center nan Saugerties, NY.
- **Vil Marlborough - 40,000 dola:** Lansman Kayak Aksesib nan Pak Aterisaj Milton pou sèvi rezidan rejyonal yo ak vizitè yo nan vil Marlborough.
- **Vil Kingston - 50,000 dola:** Aksè Piblik ak Kayak nan Rondout Creek. Vil Kingston pral retire waf kayak ki danjere ki egziste a sou Rondout Creek, fini yon plan ak konsevwa yon nouvo sistèm lansman kayak ak konstwi ak enstale yon nouvo waf avèk aksesibilite konplè pou andikape.

Konte Westchester

- **Vil New Castle - 36,033 dola:** Envantè Resous Natirèl New Castle. Vil la pral fini yon Envantè Resous Natirèl, sa gen ladan yon analiz detaye ak rapò eta aktyèl resous natirèl vil la ak rekòmasyon pou konsèvasyon ak rediksyon.
- **Vil Mount Pleasant - 17,440 dola:** Pwojè Envantè Resous Natirèl ak Katografi Tè Imid la ap fini yon pwojè Envantè Resous Natirèl ak katografi tè imid pou Vil Mount Pleasant.
- **Vil Bedford - 30,981 dola:** Òdonans ak Kat Sipèpozisyon Konsèvasyon. Vil Bedford pral angaje yon antreprenè pou pwodui yon òdonans sipèpozisyon konsèvasyon ak kat, epi elabore yon pwojè lwa sou Distri Sipèpozisyon Koridò Lavi Sovaj ki pral pwopoze pou ajoute nan òdonans zonaj ki egziste yo. Konsèvasyon ak òdonans lavi sovaj la pral ede pwoteje ak prezève koridò ki konekte ak abita pou lavi sovaj.
- **Pace University - 46,612 dola:** Devlope Kapasite Alyans Basen Vèsan Rivyè Pocantico. Pace University pral reyalize yon evalyasyon kote pati enterese yo nan Basen Vèsan Rivyè Pocantico lè li konpile enfòmasyon ki egziste yo ak kolekte nouvo done.
- **Sarah Lawrence College - 40,000 dola:** Anseye Anviwònman an: Dekouvri Peyizaj Iben ak Base Vèsan yo. Sarah Lawrence College Center pou Rivyè Iben nan Beczack ak Enstiti Devlopman pou Timoun lan pral devlope, teste ak pibliye yon kourikoulò pou "Anseye Anviwònman an: Dekouvri Peyizaj Iben ak Base Vèsan yo".
- **Groundwork Hudson Valley - 32,997 dola:** Yon Pwojè Pilòt pou Adapte, Anseye ak Evalye pral kreye yon kourikoulòm inovatè sou Ekleraj Natirèl Rivyè Saw Mill nan sant vil Yonkers. Travay preparasyon Hudson Valley yo pral devlope nouvo kourikoulòm estanda pou elèv K-12 atravè basen vèsan rivyè a, avèk yon anfas espesifik sou elèv ki soti nan sidwès Yonkers yo.
- **Yonkers Paddling & Rowing Club - 45,800 dola:** Itilizatè Rivyè Hudson. Nan travay avèk òganizasyon kominotè yo, Yonkers Paddling & Rowing Club pral elaji pwogram gratis Itilizatè Rivyè Hudson yo ki bay aksè nan rivyè a pou piblik la, avèk yon objektif sou jèn ki gen mwens privilèj yo. Pwogram Itilizatè Rivyè Hudson lan rekrite ak fòme jèn moun pou tounen pwochen jenerasyon payayè ak gadyen anviwònman.

VIL NEW YORK

Konte New York

- **Natural Areas Conservancy, Inc. - 50,000 dola:** Jesyon Forè ak Planifikasyon Jerans pou Pak Highbridge, Vil New York. Natural Areas Conservancy pral devlope yon plan jesyon forè ak jerans kominotè pou 41 ekta forè natirèl nan Pak Highbridge nan nò Manhattan.
- **New York Restoration Project - 49,984 dola:** Pwojè Siveyans Litoral Vivan an pral evalye enpak inisyativ litoral vivan an nan Pak Sherman Creek lè li evalye

amelyorasyon yo nan fonksyon ekosistèm lan ak kondisyon litoral la pou pwoteje pak la kont inondasyon. Etid sou siveyans ak evalyasyon an pral egzamine kijan litoral vivan an afekte abita ak byodivèsite, prezans lavi sovaj, konfiskasyon kabòn ak amelyore sedimantasyon.

- **Friends of Hudson River Park - 38,188 dola:** Hudson River Park WasteShark-Pwojè Koleksyon ak Edikasyon sou Polisyon Plastik la pral achte ak deplwaye yon akwadwòn otonòm ki rele WasteShark, ki fèt pou kolekte debri flotan nan dlo pandan l ap an menm tan rasanble enfòmasyon jwo-espasyal ak sou kalite dlo a.
- **Downtown Boathouse - 40,000 dola:** Ekspansyon Pwogram Kayak Gratis nan Manhattan. Downtown Boathouse pral achte kayak, kanotaj adapte ak ekipman sekirite epi konstwi sipò pou kayak ak aviwon nan sit lansman popilè yo. Yo pral elaji tou pwogram kayak gratis la pou atenn kominote ki pa byen sèvi yo, sa gen ladan fòmasyon pou jèn yo.
- **Waterfront Alliance, Inc. - 39,341 dola:** Explore Anbouchi. Waterfront Alliance pral transfòme zouti edikatif sou rezilyans kotye li a pou tounen yon kourikoulòm rezidans sou rezilyans kotye. Rezidans lan pral devlope yon gid aplikasyon ki pral pèmèt pwofesè yo travay ansanm sou edikasyon nan anbouchi a ak chèche patenarya. Finansman pral sipòte tou yon pwogram rezidans pilòt nan lekòl yo, avèk kat klas chak nan uit semèn nan kominote Jistis Anviwònantal yo nan nò Manhattan, Brooklyn ak Staten Island.

Konte Richmond

- **NYC Dept of Parks & Recreation - 50,000 dola:** Konsepsyon Enfrastrikti Vèt Snug Harbor. NYC Department of Parks & Recreation pral devlope konsepsyon pou yon jaden lapli nan Pak Snug Harbor nan nò litoral Staten Island, pou ede jere kouran dlo lapli ki pa trete yo ki devèse dirèkteman nan Harbor Brook.

Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) la grandi soti nan afektasyon orijinal li ki se 31 milyon dola nan ane fiskal 1994-1995 a 300 milyon dola. Bidjè Ane Fiskal 2022 yo adopte a soutni EPF a nan 300 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. Apwopriyasyon yo gen ladan 40 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 90 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 151 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 19 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la. Investisman sa a pral bay finansman pou pwogram anviwònmantal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif jistis anviwònmantal.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)